


# HAYAL JINAYAT SUBYEKTI SIPATINDA

**Saparbaeva Shaxnoza Rustem qızı**
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti
70420114 - «Jınayat nızamshılıǵın qollaw teoriyası hám ámeliyatı» qanigeligi
2-kurs magistrantı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.10603100

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25-January 2024 yil
Ma'qullandi: 28- January 2024 yil
Nashr qilindi: 31- January 2024 yil

**KEY WORDS**

*Jınayat, hayallar jınayatshılıǵı, hayallardı jınayatlı tiplerge ajıratıw, jınayatlı minez-qulıq.*

**ABSTRACT**

*Maqalada hayal jınayat subyekti sıpatında analiz etildi. Hayallar tárepinen ámelge asırılıp atırǵan jınayatlardıń obyektiv hám subyektiv sebepleri haqqında sóz etildi.*

**(Introdutstion).** Ayrıqsha atap ótiw kerek, mámleketimizde hayallardıń sotsiallıq jaǵdayın jaqsılaw maqsetinde bir qatar ilajlardiń ámelge asırılǵanı hám házirde de bul protsess dawam etip atırǵanlıǵına qaramastan shańaraq gáwharı bolǵan hayallar tárepinen jınayatlardıń ámelge asırılıwı oǵada ashınarlı jaǵday esaplanadı.

Ótkerilgen analizler songı jıllarda ámelge asırılǵan jınayatlarda hayallar qatnasıwı 2013-jılda 17,2 payızdı, 2014-jılda 16,7 payızdı, 2015-jılda bolsa 16,0 payızdı quraǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Keltirilgen sanlar onsha kópke uqsamasada, biraq hár bir hayaldıń shańaraqtaǵı hám jámiyettegi ornın kóz aldımızǵa keltirsek, bul pikirdiń tuwrı emesligine isenim payda etemiz.

Sebebi anası jınayatshı bolǵan shańaraqtıń balaları qadaǵalawsız qaladı. Izertlewlerden belgili bolǵanınday qadaǵalawsız qalǵan balalardıń jas óspirimler jınayatshılıǵına «úles» qosıw dárejesi joqarı boladı.

Izertlewlerge kóre, ulıwma jınayatshılıqta hayallar ámelge asıratuǵın jınayatlı is-háreketler er adamlar tárepinen ámelge asıratuǵın jınayatlardan parıq qıladı. Sol sebepli de hayallar jınayatınıń tábiyatı hám áqibeti, ámelge asırıw usılı hám jınayat quralın málim bir jaǵdaylarda qollanıwı, jınayat júz beriwinde qatnasıwdaǵı ornı, jınayat jábirleniwshisin tańlaw, xojalıq turmıs sharayatı sıyaqlılarǵa kriminologiyada ayrıqsha itibar qaratılǵan. Bir qatar izertlew jumısları alıp barılǵan.

**Temaǵa tiyisli ádebiyatlardıń analizi (Literature review).** Búgingi kúnde hayallar jınayatshılıǵı menen baylanıslı sebep hám sharayatlardı kriminologiyalıq hám huqıqıy tárepten úyreniw hám de olar tárepinen júz berip atırǵan jınayatlardıń profilaktikasın nátiyjeli shólkemlestiriwge zárúrlik bar.

Atap aytqanda, hayallar tárepinen júz berip atırǵan jınayatlar hám olardıń aldın alıw máselelerine baylanıslı mámleketimiz ilimpazlarınan Z.S.Zaripov, I.Ismailov, Y.M.Karaketov,

M.Usmonaliyev, M.H.Bahadırboyev, Q.R.Abdurasulovalar ilimiy izertlew jumısların alıp barǵan bolsa, sırt el ilimpazlarınan Y.M.Antonyan, Lamber Adolf Jak Ketle, Chezare Lombrozo, P.N.Tarnovskaya, N.Ziryanov, I.I.Korzun, hám D.A.Shestakovlardıń ilimiy jumısları ayriqsha itibarǵa ılayıq bolıp tabıladı.

**Izertlew metodologiyasi (Researtsh Methodology).** Izertlewde sistemalı-analiz, funktsional, tariyxıylıq, logikalıq, usıllarınan paydalanıldı.

**Analiz hám nátiyjeler (Analysis and results).** Kriminologiyada jınayatshılıq ulıwma kóriniste, sonıń menen birge onıń ayırım baǵdarları bólek kóriniste úyreniledi. Mısalı ushın, hayallar jınayatshılıǵı, jas óspirimler jınayatshılıǵı, retsidiv jınayatshılıq yamasa birlesken jınayatshılıq sıyaqlı. Olardıń hár birine tariyip berilgende álbette, jınayatshılıqqa berilgen tariyipke tiykarlanıladı. Nátiyjede, hayallar jınayatshılıǵı degende, arnawlı bir aymaqta, málim waqıt dawamında hayal jınısındaǵı shaxslar tárepinen ámelge asırılǵan jınayatlar jıyındısı túsiniledi.

Ilimiy izertlewler tiykarında shıǵarılǵan juwmaqlarǵa tayanǵan halda, hayallar jınayatshılıǵı motivatsiyasınıń ózgesheligi hám mazmunınan kelip shıǵıp tómendegi jınayatlı tiplarge ajıratıw múmkin:

a) basqinshı shaxs tipi - bul tipke ádetde biyzarılıq háreketleri, adam óltiriw hám denege ziyan jetkeriw sıyaqlı bir qatar jınayatlardı ámelge asırıwshı hayallardı kirgiziw múmkin. Bular insannıń ómiri hám den-sawlıǵına unamsız munasábette bolǵan shaxslar bolıp tabıladı.

b) ǵarezli maqsettegi basqınshı tip - jeke, eń dáslep, materiallıq máplerge hár qanday jol menen, atap aytqanda, insannıń ómirin girewge qoyıp bolsada erisiwdi názerde tutatuǵın sotsial qáwiplilik dárejesi júdá joqarı bolǵan shaxs tipi.

ts) dámegóy tip - jınayatshı hayallardıń ǵárezli tipine tán bolǵan motivatsiya, sonday-aq shańaraqqa tiyisli turaqlılıqtı támiyinlew zárúrligi menen baylanıslı motivatsiyalı shaxs tipi.

d) abaysızlıq túrdegi tip - nızam-qaǵıydalarǵa jeńilteklik, juwapkershiliksizlik penen, biyparıq munasábette bolatuǵın shaxslar - kútilmegende, abaysızlıq áqibetinde jınayattı ámelge asıratuǵın hayallardıń úlken bólegin quraydı.

e) qaram tip - bul tip wákillerine náshebentlik quralları, spirtli ishimlikler yamasa ómirlik joldasına ruwhiy tárepten ǵárezlilik sebepli túrli jınayatlardi ámelge asırıw tán.

Shaxstıń kriminogen motivatsiyaǵa beyimliginiń tereńligi hám turaqlılıǵı tárepinen hayal jınısındaǵı jınayatshılardı tómendegi jeke tiplerge ajıratıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı:

- tosınarlı jınayatshı hayallar - tosınarlı jaǵdaylar nátiyjesinde, óziniń aldınǵı minez-qulqınıń ulıwmalıq sıpatlamasına tuwrı kelmeytuǵin jınayattı ámelge asırǵan hayallar;
- jaǵdayǵa baylanıslı jınayatshı hayallar - turaqsız jeke qásiyetler hám turmıs sharayatlarınıń tásirinde jınayattı ámelge asırǵan hayallar;
- turaqsız jınayatshı hayallar - jámiyette qabıl etilgen minez-qulıq normalarinan shegingen hám olardı qatań ózlestirip almaǵan hayallar;
- professional jınayatshı hayallar - jınayattı ámelge asırıw arqalı óz aldına qoyǵan maqsetlerge erisiwge qatań umtılatuǵın hayallar.

Hayallar jınayatshılıǵın jınayatshılıqtiń ǵárezsiz strukturalıq elementi sıpatında úyreniwge XIX ásirdiń ekinshi yarımında tiykar salınǵan bolıp, bul máselege daslep Lamber Adolf Jak Ketle (1796 -1874) hám Chezare Lombrozo (1836 -1909) itibar bergen.

Belgiyalıq sotsiolog hám kriminolog A.Ketle jınayatshılıqtıń rawajlanıw nizamlıqların túsindiriwge háreket etip, «jınayattı ámelge asırıwǵa beyimlik adamdıń jası, jınısi, kásibi, maǵlıwmat dárejesi, jıldıń máwsimi hám basqalarǵa baylanıslı boladı»[1,7-8], degen juwmaqqa kelgen. Ol er adamlar hám hayallar jınayatshılıǵındaǵi ayırmashılıqlardı tek jınıslardıń fizikalıq rawajlanıwındaǵı parıq penen túsintirip ǵana qoymay, hayallardıń deviant minez-qulıqin sotsiallıq turmıstan úzilgenlik, shańaraqqa tiyisli minnetlemeler sheńberinde oralasıp qalǵanlıǵı menen de baylanıstıradı. Ketleniń pikrine qaraǵanda, jınayatqa beyimlik er adamlarda hayallarǵa salıstırǵanda kúshlilew kóriniske iye boladı, sebebi hayallar kóp tárepten sezimler tásiri astında boladı, olarǵa uyat, ar-namıs hám kishipeyillik tán bolıp tabıladı, sonıń menen birge óziniń sotsiallıq qaramliǵi hám jalǵızlıǵı sebepli olar jınayattı ámelge asırıwǵa azıraq múmkinshilikke iye boladı. Bunnan tısqarı, óziniń fizikalıq ázziligi sebepli olar (hayallar) jınayatqa túrtki beretuǵın jaǵdaylardan hár dayim paydalana almaydı.

Ol jınayatlı minez-qulıqtıń payda bolıwına sotsiallıq ortalıq sebepshı, hayallardıń biologiyalıq qásiyetleri jınayatlardıń ayrıqsha túrlerin belgileydi yamasa ayırım jaǵdaylarda olardıń muǵdar kórsetkishlerin shegaralaydı, sol sebepli bul qásiyetler jınayatlar júz beriwiniń sebebi esaplanbaydı, degen pikirdi ilgeri súrdi. Sonıń menen birge, hayallardıń tirishilik hár túrlı qıyınshılıqlardan psixikalıq tárepten azıraq qorǵalǵanlıǵın da esapqa almasa bolmaydı [1,7], dep aytıp ótedi A. Ketle.

Antropologıyalıq mektep wákilleri - SH.Lombrozo hám de onıń Rossiyadaǵı zamanlası P.N.Tarnovskaya bul hádiyseni basqasha túsindiredi. CH.Lombrozo hayallar jınayatshılıǵınıń jedelligi er adamlardikine salıstırǵanda tómen ekenligin hayal organizminiń ózine tánligi, hayal tábiyatı hám onıń málim dárejede «biologiyalıq qásiyeti» menen túsindiredi [2].

Hayallar tárepinen ámelge asırılǵan adam óltiriw hár dayim kriminologlardiń itibarın tartıp kelgen. Italiyalıq kriminolog Enriko Ferridiń pikrine qaraǵanda, hayallar er adamlarǵa qaraǵanda ayawsız bolıp, retsidivist hayallar óz qılmıslarınan eń qáwipli jınayatshı er adamlarǵa salıstırǵandada azıraq púshayman boladı [3, 47-48].

Joqarıda atı atap ótilgen antropologıyalıq mekteptiń taǵı bir wákili P.N.Tarnovskaya óziniń ilimiy qaraslarında insandaǵı jınayatlı minez-qulıq onıń jınayattı ámelge asırıwdaǵi biologiyalıq beyimliginen kelip shıǵadı, dep esaplaydı, sonday-aq, nadurıs turmıs sharayatları, tárbiya hám úlginiń unamsız tásirlerinede itibar qaratadı[4].

Uzaq waqıt dawamında, yaǵnıy XX ásirdiń 30-jıllarına shekem hayallar tárepinen zorlıq isletip ámelge asırılǵan jınayatlardıń sebepleri retinde biologiyalıq, násillik faktorlar kórsetilip kelindi. Biraq, usınıń menen birge, jınayatlı tiplerdiń tek fiziologikalıq táreplerin bahalap ǵana qoymay, olardıń dúnyanı seziw hám qorshaǵan ortalıqtı ańlaw menen baylanısli tarawlardı úyreniwge de háreket etilgen. Basqasha aytqanda, jınayatshı hayallardıń shaxsın úyreniwde taǵı bir baǵdar - psixologiyalıq baǵdar payda boldı.

**Juwmaq (TSontslusion).** Hayallar tárepinen ámelge asırılıp atırǵan jınayatlardıń obyektiv hám subyektiv sebepleri hayallardıń jınayatlı minez-qulqi hám de usi minez-qulıqqa tásir etiwshi sotsial-ekonomikalıq, xojalıq faktorlar tiykarında úyreniledi. Bunday faktorlar qatarına, birinshi náwbette tómendegiler kiredi: sotsial-demografiyalıq faktorlar (urbanizatsiya, migratsiya, jınıs hám jasqa tiyisli maǵlıwmatlar hám aymaqliq dúzılıwdıń ózgeriwi); ekonomikalıq faktorlar (ulıwma hám tarmaqlardaǵı bántlik, miynetke haq tólew, bahanı belgilew); siyasiy hámde sotsial-psixikalıq faktorlar (milliy ideologiya, informatsiya texnologiyaları, demokratiyalıq institutlardıń iskerligi, jámiyetlik dástúrlerdi ámelge asırıwǵa

mámlekettiń munasábeti); huquqiy faktorlar (ámeldegi nızam hújjetleri, olardı qóllawdı támiyinleytuǵın institutlardıń natiyjeliligi) kiredi.

Biraq joqarıda keltirilgen faktorlar sheńberin jetilisken hám tolıq dep bolmaydı. Sebebi jınayattıń ámelge asırılıwına alıp keletuǵın úlken-kishi faktorlar muǵdarın tolıq hám tuwrı anıqlaw múmkin emes. Soǵan qaramastan kriminolog ilimpazlar buǵan baylanıslı kóbirek nátiyjege erisiw maqsetinde tınımsız háreket etpekte hám házirde jınayashılıqqa 320 dan artıq faktorlardıń tásir etiwin anıqlaǵan. Házirgi zaman kriminologiyasinda jınayatshılıqtıń sebepleri hám shárt-shárayatları, olardıń ayırmashılıqları boyınsha tartıs barǵan sayın keskin tús alıp barmaqda. Ilimpazlar jınayatlı minez-qulıqtıń túp sebeplerin búgingi kúnde (jámiyet rawajlanıwınıń házirgi basqıshında) anıq hám tolıq biliw múmkin emes degen juwmaqqa kelip atır. Sebebi adamlardıń minez-qulqin túsindiriwshi jetilisken teoriya elege shekem islep shıǵılmaǵan. Bunday teoriya islep shıǵılǵan jaǵdaydada arnawlı bir jınayattıń (sonday-aq jınayatshılıqtıń) túp sebeplerin túsindiriwshi jaǵdaylar hám faktorlardı anıq belgilew múmkin emes.

## Paydalanilǵan Ádebiyatlar Dizimi (Referentses):

1. Кетле А. Человек и развитие его способностей. – СПб., 1865.
2. Ломброзо Ч. Женщина-преступница и проститутка.– Киев, 1902.
3. Ферри Э. Преступные типы в искусстве и литературе. – СПб.,1908.
4. Тарновская П.Н. Женщины убийцы. – М., 1974. – Б. 456.
5. Gofurova.D Ayollar tomonidan sodir etilgan jinoyatlarning kriminalistik tavsifi. “Scientific progress” jurnalı. 2021 jıl, №6-san.
6. Mamataliev.J. Ayollar tomonidan sodir etiladigan jinoyatlar. 2023 yil. https://oltinsoy.uz/uz/blog/onunlar/598

INNOVATIVE ACADEMY